

# FASON POU DEKOUVRI SENTÒM MIS-C, YON MALADI RA KI SOU TIMOUN KI EKSPoze A COVID-19 LA

## SA NOU KONNEN SOU MIS-C A

Sendwòm Enflamatwa Multisistèm Timoun lan (MIS-C) se yon maladi kote diferan pati nan kò a ka vin anfle, tankou kè, poumon, ren, sèvo, po, je, oswa ògàn gastwoentestinal. Nou poko konnen kisa ki lakòz MIS-C la. Sepandan, nou konnen ke anpil timoun ki gen MIS-C te gen viris ki lakòz COVID-19 la, oswa te alantou yon moun ki gen COVID-19. MIS-C kapab grav, li menm ka touye moun, men pifò timoun yo te dyagnostike avèk maladi sa a vin byen gras ak swen medikal.

## SA POU FÈ SI W PANSE PITIT OU MALAD AK MIS-C

Kontakte doktè, enfimyè, oswa Klinik pitit ou a touswit si pitit ou montre sentòm MIS-C YO:

- Lafyè
- Doulè nan vant
- Vomisman
- Dyare
- Doulè kou
- Ti bouton
- Je wouj
- Gwo fatig



**Ou dwe konnen ke tout timoun pap gen menm sentòm yo.**

**Chèche swen ijans touswit si pitit ou ap montre nenpòt nan siy avètisman ijans MIS-C sa yo oswa lòt siy enkyetan:**

- Pwoblèm respirasyon
- Doulè oswa presyon nan pwatrin ki rete la
- Nouvo konfizyon
- Enkapasite pou reveye oswa rete reveye
- Bouch oswa figi ble
- Gwo doulè nan vant

**Pou plis enfòmasyon, vizite [miamidade.gov/coronavirus](https://miamidade.gov/coronavirus)**